Пролетару дуней псом тетхэ, фызэгухьэхэ!

ЧЕРКЕС

ПЛЪЫЖЬ

ВКП(б)-м и Черкесскэ обкомым, гуащIэрыпсэухэм я Депутатхэм я Облсоветым, горкомым и оргэнщ

№ 206 (2333) Мазаэку, сентябрым и 14-м 1944 гъ. И уас. кI. 20

2-рей **Белорусскэ** фронтым и дзэхэр еоъэрыкIуэхэри, сентябрым и 13-м къащтащ **Нарев** псым деж немецкэ оборонэмкIэ щIэгъэкъун ину щыт город икIи крепость—**Ломжа**.

Избэ-читальнэхэр щIымахуэм хуэгъэхьэзырын

Лэжьэн быухъуэ, жьыр щIэщIу, уэсэр къесу, щIымахуэм кIыхьыр зэрыбгъэдэкIыбзэ ета зэпытхэщ. Абхуэдэщ Жьакуэ, Кош-Хьэблэ, Али Бэрдыкъуэ, Малый-Зеленчук къуажэхэм дэт избэ-читальнэхэр.

Кош Хьэблэ къуажэ избэ-читальнэм унэ хьэлэмэт нIыгъщ. Нэхущ, щхьэгъубжэ хьэлэмэт хэр хэлъщ, пэшхьэкуфIыр итщ. Ауэ гум ирихьу, псэм и гуапу зэлъэIухакъым а избэ-читальнэр Абы нэхърэ нэхъ Iейжщ и щытыкIэр Жьакуэ къуажэм дэт избэ-читальнэм. Псымэр къыщIехыр, сыщIыхьу сыщIэсащэрэт жэуэ псэм и гуапу щытхъум избэ-читальнэр. ТхылътIущ щIэлъыр зэхэтхъуэжауэ шкафым дэлъхэщ. Зы столыжь закъуэ мыхъумэ щIэткъым. Блыным плакат кIэрылъкъым. Нахуэщ абхэдэ избэ-читальнэм гур зэрыщIэмыхьэр.

Хуабжьу къуэншагъэр яшIэр къуажэ Совет гуэрхэм избэ-читальнэхэм зы газет зэрыз нэхъ къыхурамыгъэхьу зэрыщытымкIэ Абхуэдэщ Кош-Хьэблэ къуажэм дэт избэ-читальнэр. А избэ-читальнэм центральнэ газет лъэпкъ къыхуэкIуэкъым, областной газету къыхуэкIуэр „Красная Черкессия" экземпляритIрэ „Черкес Плъыжь" зы экземляррэщ. Шэч хэлъкъым а газет бжыгъэр зэрыримыкъум. Центральнэ газету Советым къыхуэкIуэхэр избэ читальнэм праткъым, езы Советым и къимыгъэсэбэпу, здамыду тутын кIэ прафыжыр.

Нэхъ ныIэ хуабжь тегъэтын хуейщ избэ-читальнэхэмэ я лэжьыгъэхэм. ДыIэпыкъуэгъуят зэпытын хуейщ. Къуажэм дэт комсомольскэ организациякI избэ-читальнэм къыкIэрычауэ щытын хуейкым. Дэ иджыкI комсомольскэ организацияхэм я секретарь куэдхэр диIэщ избэ-читальнэм зэрыщIыхьэ бжэр ямыщIу. Абхуэду комсомольскэ организацияхэм избэ-читальнэхэм намыплъ иратынигъэм кIэ хуэщIын хуейщ.

СОВЕТСКЭ ИНФОРМБЮРОМ КЪЫБГЪЭДЭКIЫУ

Сентябрым и 12-м и оперативнэ сводкэ

Сентябрым и 12-р екIуэкIыхункIэ город ЛОМЖА и ипщаIуэкIэ икIи и ипщэ-къухьэпIаIуэкIэ дэ дзэхэр бийм езэуахэщ, зауэ ирагъэкIуэкIкIэрэ я позициехэр нэхъыфI ящIахэщ, икIи къащтахэщ къуажэ зауликI.

Румыниям деж ди дзэхэм румыныдзэхэрикI ахэту зауэхэурэ ипэкIэ кIуэтахэщ икIи къащтащ городхэу МЕРКУРА—ЧУУЛУЙ (Трансильваниям и ищхъэрэмкIэщ), ЛАНЖ, абыхэм хуэдэ къабзу къащтахэщ нэмыщI къуажи 150 м щIигъу, абыхэм ящыщхэщ мы къуажэшхуэхэр САС-КЕЛЬ, ПИКМАНТОР, САУКА, ДИЧЭ-СЕНТ, МАРТОН гъущIгъуэгу станцхэу ХОМОРОД, ХАКА, ПАЛОШ.

Фронтым и адрей участкэхэм—разведчикхэр мэплъакIуэхэр икIи щIыпIэ гуэрхэмкI щIыпIэ мыхьэнэ иIэу зауэ щокIуэкIыр.

Сентябрым и 11-м и кIуэцIкIэ ди дзэхэм фронт псом деж зэхакъутахэщ немецкэ танк 49. Хьэуэм щекIуэкIэ зауэмрэ зенитнэ артиллериям и нафIэмрэ къыраудыхащ бийм и самолети 6.

Сентябрым и 13-м и оперативнэ сводкэ

2-рей БЕЛОРУССКЭ фронтым и дзэхэм сентябрым и 13-м ирагъэкIуэкIа зауэ гуащIэхэм къыхэкIкIэ, къащтащ НАРЕВ псым деж немецхэм я оборонэм и опорнэ пункт—город икIи крепость ЛОМЖА, абы хуэдэ къабз зауэкIэ къащтахэщ нэмыщI къуажэ 30 м щIигъу, абыхэм ящыщхэщ ЛОМЖИЦА, БОЖЕНИЦЫ, НОВЕ, СТАРЕ, КУПИСКИ, ГЖИМАЛЫ-НОВОГРУДСКЕ, ЯНКОВО, ЧАРТОРИЯ, РЫБАКИ, ДРОГОШЕВО, ЛЯСКОВЕЦ.

ПРАГА районым деж (Висла и ижырабгъу псыIуфэм) ди дзэхэр бийм гуащIэу йозауэхэр. А зауэхэм деж 1-рей Польскэ армиярикI щозауэр.

Город ЖЕШУВ и ипщаIуэкIэ ди дзэхэм, зауэ гуащIэ ирагъэкIуэкIэ нэужькIэ, къащтащ город икIи гъущIгъуэгу станц КРОСНО, абы хуэдэ къабзу зауэкIэ къащтащ нэмыщI къуажи 100-м щIигъу, абыхэм ящыщхэщ мы къуажэшхуэхэр МОДЕРУВКА, ЕДЛИЧЕ, ПОТАКУВКА, ЛУБНО-ШЛЯХЕЦКЕ, ФАМЕШУВКА, НЕНАШУВ, КОБЫЛЯНЫ, ГЛОЙСЦЫ, ИВЛЯ, МЫСЦОВА, КРЕМПНА, ВЫШОВАЛКА, ЦЕХАНЯ, ПОЛЯНЫ, РУВНЕ, РОГИ, ИВОНИЧ, ТАРГОВИСКА, ВРУБЛИК КРУЛЕВСКИ, НЕБЕШАНЫ, ЗБОЙСКА, БЕЛХУВКА, ЧАШИН, ПОРАЖ, ЗАГУЖ, ВЕЛЕПОЛЕ, гъущIгъуэгу станцхэу ЕДЛИЧЕ, ИВОНИЧ, ЗАГУЖ, МОКРЕ.

Дэ дзэхэр бгъэдыхьахэщ Польшэм и государственнэ границэм Чехословакиям деж.

Румыниям и ищхъэрэ-къуэкIыпIауэм и частым деж ди дзэхэм, зауэ гуащIэ ирагъэкIуэкIахэм къыхэкIкIэ, къащтащ немецхэмрэ венгерхэмрэ я оборонэмкIэ щIэгъэкъуэн мыхьэнэшхуэ зиI Карпатскэ бгыхэм я екIуэкIыпIэхэм деж—город икIи гъущIгъуэгу станцыхуэ ХИМПУЛУНГ, абы хуэдэ къабзу къащтащ къуажэхэу САДОВА, ФАНДУЛ, МОЕДОВИ, ПОЗОРИТТА, КОЖОЧИ.

Севернэ Трансильваниям деж ди дзэхэм, румынскэ дзэхэр ягъусэу ядэзауэхэу, къащтащ город икIи гъущIгъуэгу станц ОДОРХЕЙ, абы хуэдэ къабзу зауэкIэ къащтахэщ нэмыщI къуажэ 50-м щIигъу, абыхэм ящыщхэщ мы къуажэшхуэхэр ДЬЕРДВА—ВОИЦАБ, СЕНТ-ДОМОКОШ, ИНЕУ, РАКУЛ, ЗЕТЕЛКА, МАРЕСАЛВА, МЕРЕШТЬ, МАРТИНИШИ, ОЦЕГЫ, ТАУРЕНЫ, гъущIгъуэгу станцхэу ВОШЛАТ, ТОМОШИТИ, ЧИКМАДАРАШ, РАКУЛ, ТАУРЕНЫ.

Фронтым и адрей участкэхэм—разведчикхэр мэплъакIуэхэр икIи щIыпIэ гуэрхэми щIыпIэ мыхьэнэ иIэу зауэ щокIуэкIыр.

Сентябрым и 12-м и кIуэцIкIэ ди дзэхэм фронт псом деж зэхакъутахэщ немецкэ танк 30. Хьэуэм щекIуэкIэ зауэмрэ зенитнэ артиллериям и нафIэмрэ къыраудыхащ бийм и самолети 4.

СОВЕТСКЭ СОЮЗЫМ И МАРШАЛ С. К. ТИМОШЕНКО ГУЭРОЗ 1-рей СТЕПЕНЬ ОРДЕНЫР ЕТЫНЫГЪЭМКIЭ

СССР-м и Верховнэ Советым и Президиумым и

У К А З

Верховнэ Главнокомандованием зауэ IуэхумкIэ къалэну и пщэ ирилъхьахэр ехъулIэныгъэ хэлъу зэригъэзэщIам ещхьэкIэ Советскэ Союзым и Маршал **Тимошенко** Семен Константинович етын **Суворов** 1-рей степень орденыр.

СССР-м и Верховнэ Советым и Президиумым и Председатель

М. КАЛИНИН.

СССР-м и Верховнэ Советым и Президиумым и Секретарь

А. ГОРКИН.

Москва, Кремль. Сентябрым 12-м 1944 гъэм.

Румыниям мамырыгъэ зэрыдащIамкIэ Зэзэгъыныгъэ

Сентябрым и 10—12-р екIуэкIыхункIэ Москва деж щекIуэкIащ Советскэ Союзым, Великобританиям, Америкэм я Соединеннэ Штатхэм я представительхэу Къэрал Зэгуэтхэм псомкI я файдэ зыхэлъ Iуэхугъуэ зезыхьэхэмрэ, зы лъэныкъуэкIэ, Румыниям и делегациямрэ—адрей зылъэныкъуэмкIэ, Румыниям мамырыгъэ дэщIынымкIэ Зэзэгъыныгъэ зэраухылIэным щхьэкIэ. Советскэ Союзым и лъэныкъуэкIэ Зэзэгъыныгъэ зэраухылIаным хэтахэщ—**В. М. Молотов, А. Я. Вышинский, И. М. Майский, Д. З. Мануильский, Н. В. Новиков, генерал Виноградов,** контр-адмирал **В. П. Богденко,** Великобританиям и лъэныкъуэкIэ—посол г. **Керр,** США-м и лъэныкъуэкIэ—посол г. **Гарриман.** Румыниям и представительхэу зэпсэлъэныгъэм хэтащ Румынскэ Правительствэм и представительхэу — г. г. **Л. Патрашкану,** генерал **Д. Дамачану, Б. Стирбей, Г. Попп.**

Зэпсэлъэныгъэр яухащ сентябрэм и 12-м Румыниям мамырыгъэ дэщIынымкIэ Зэзэгъыныгъэм Iэ тырадзэныгъэмкIэ. Мамырыгъэ зэдащIынымкIэ Зэзэгъыныгъэм Советскэ Союзым, Великобританиям, Америкэм я Соединеннэ Штатхэм я правительствэхэм къалэн хуащIу Iэ тыридзащ Советскэ Союзым и Маршал **Р. Я. Малиновский.** Румыниям и лъэныкъуэкIэ Зэзэгъыныгъэм Iэ тырадзащ: г. г. **Л. Патрашкану,** генерал **Д. Дамачану, Б. Стирбей, Г. Попп.**

Мамырыгъэ зэдащIынигъэмкIэ Зэзэгъыныгъэм и текстыр щхьэхуэу тырадзэнущ.

Английскэ авиацияр Германиям теуэныгъэмкIэ

ЛОНДОН, сентябрым и 13-м. (ТАСС). Лондон деж пэждыду щыжаIэр, сентябрым и 13-м и жэщым англискэ бомбардировщик соединениехуэ Германиям теуахэу. Нэхъ хуабжь дыду здытеуар Франкфурт, Щтутгардт дежхэращ. Абыхэм хуэдэ къабзу бомбэкIэ Берлин еуахэщ.

Рузвельтрэ Черчилльрэ Квебек деж зэIущIэныгъэмкIэ

ЛОНДОН, сентябрым и 12-м. (ТАСС). Рейтерым и агентствэм къызэритымкIэ, официальнэ представителым къыжиIащ, нобэ Рузвельтрэ Черчилльрэ я епэрей совещаниер зэхэту объединеннэ советым и штабхэм я начальникхэрикI яхэтыжу. Совещаниям план игъэувын хуейщ Японием нэхъри нэхъ хуабжьу яэуэныгъэмкIэ.

Лаваль Германиям щIэпхъуэжащ

ЖЕНЕВА, сентябрым и 13-м. (ТАСС). Швейцарскэ газет, „Трибюн де Женев" къыригъэхьыр, Лаваль икIи нэмыщI Виши и „правительствэм" и членхэу, абы дэщIыгъуу щытахэрикI Фрейбург щIэпхъуэжахэщ икIи абы къикIэри Шварцвальд (Германиям) ищIыIэ гуэрхэм кIуахэщ.

Немецкэ дзэхэр къаухъуреихьынымкIэ Яссрэ Кишеневрэ деж Краснэ Армиям иригъэкIуэкIа зауэхэм я итогхэр

Мы гъэм сентябрым и 2—3-м ди дзэхэм Бакэу районым деж щызэтыраукIахэщ Яссрэ Кишеневрэ дежхэм щырагъэкIуэкIа зауэхэм къыхэкIкIэ къаухъуреихьахэу щыта немецкэ - фашистскэ дзэхэм къащIэна вкIэрей гупыр. Бийм а я гупыр зэтеукIеныгъэмкIэ яухащ ди дзэхэм Яссрэ Кишеневрэ деж щырагъэкIуэкIа зауэр. Августым и 20-м къыщыщIэдзауэ сентябрым и 3 м нэсыхункIэ Ищхэ лъэпыкъуэмкIэ щырагъэкIуэкIа наступление зауэхэм къыхэкIкIэ, 2-рей Украинскэ фронтым и дзэхэм армиям и генерал (иджы Советскэ Союзым и Маршал) **Малиновский** и командованиекIэ икIи 3-рей **Украинскэ** фронтым и дзэхэм армиям и генерал **Толбухин** и командованиекIэ, къанэ щымыIэу къаухъуреихьащ генерал - полковник **Фриснер** зи командиру щыта немецкэ дзэхэу „Южнэ УкраинэкIэ" зэджэм хыхьэу щыта 6-рей, 8-рей немецкэ армияхэр.

АбыкIэрэ гъэзэщIа хъуащ къанэ щымыIэу Ясско-Кишеневскэ операциер немецкэ дзэхэр къаухъуреихьыныгъэмкIэ—мы иджырей зауэм деж и стратегическэ икIи военнэ-политическэ мыхьэнэмкIэ зи нэхъ ин икIи зи нэхъыщхьэ щымыIэж операциер.

ЕхъулIэныгъэ хэлъу наступленнер , здрагъэкIуэкIым 2-рей 3-рей **Украинскэ** фронтхэм я дзэхэм къаухъуреихьащ икIи зэтыраукIащ (румынскэ дзэхэр хэмыту): 62, 79, 106, 161, 257, 258, 282, 264, 302, 320, 335, 370, 376, 384 немецкэ пехотнэ дывизхэр, 1-рей немецкэ зенитнэ дывизыр, 228, 243, 286, 325, 259, 278, 732, 911 штурмовой орудияхэм я бригадэхэр, 40, 46, 52, 70, 77, 127, 170, 149, 612, 792, 818 главнокомандованием и резерв артиллерийскэ полкхэр, 721 1007 1009 1160 противотанковэ дивизион щхьэхуэхэр, 40, 86, 194, 732, 735, 737, 906 главнокомандованием и резерв артиллерийскэ дивизион щхьэхуэхэр, 52 минометнэ полкыр, 278, 300, 707 главнокомандованием и резерв зенитнэ артиллерийскэ дивизионхэр, 4-рей езыр-езыру зекIуэ полкыр, 999 крепостной полкыр,. „Нойхамер" гренадерскэ полкыр, связым и полк щхьэхуэр, 52, 112, 130, 152, 154, 602 строительнэ батальонхэр, связь батальонитI, 318, 522 батальон хъумакIуэхэр, 7, 17, 500, 560 штрафной батальонхэр, 27, 219, 246, 541, 651 главнокомандованием и резерв сапернэ батальонхэр, 472 танк зэтекъутэ батальоныр, 794 „Осноз" батальоныр.

Абы нэмыщIу 2 рей, 3 рей **Украинскэ** фронтхэм я дзэхэм зэтыраукIахэщ 15, 46, 76, 153, 306 пехотнэ икIи 10 моторизованнэ, 13-рей танковэ дывизхэр.

Августым и 20-м къыщыщIэдзауэ сентябрым и 3 м нэсыхункIэ 2-рей, 3-рей **Украинскэ** фронтхэм я дзэхэм ирагъэкIуэкIа наступлением и кIуэцIкIэ немецкэ-фашистскэ дзэхэм мы къэкIуэну хэкIуэдыкIыныгъэхэр ирахащ и цIыху къарумрэ техникэмрэ:

зэтыракъутахэщ: самолетхэу—298, танкхэу икIи езыр-езыру зекIуэ топхэм хуэду—490, сыт хуэдэ калибрэмикI топхэу—1500, автомашинэхэу — мин 15.

Зауэ здекIуэкIа губгъуэм немецхэм къыранащ я солдат офицерхэм я хьэдэхэу мини 150 м щIигъу. ЯукIахэм къахэкIащ 4 рей немецкэ армейскэ корпусым и командиру щыта пехотэм и генерал **Мит**, 44-рей немецкэ армейскэ корпусым и командир пехотэм и генерал **Мюллер**, 384-рей немецкэ пехотнэ дывизым и командир генерал лейтенант де **Саленгре-Драббе**, 294 рей немецкэ пехотнэ дывизым и командир генерал-майор **Эйхштедт**, 15 рей немецкэ пехотнэ дывизым и командир генерал-майор **Шперль**, 320 рей немецкэ пехотнэ дывизым и командир полковник **Шиль**, 306-рей немецкэ пехотнэ дывизым и командир полковник **Блюмке** сымэ я хьэдэхэр.

А зэманым и кIуэцIкIэ 2-рей 3-рей **Украинскэ** фронтхэм я дзэхэм немецхэм къытырахащ мы къэкIуэну трофейхэр: самолетхэу—40, танкхэу икIи езыр-езыру зекIуэ топхэу—340, сыт хуэдэ калибрэмикI топхэу—2.000-м щIигъу, автомашинэхэу—18.000 м нэс.

2-рей, 3-рей **Украинскэ** фронтхэм я дзэхэм плен къащIащ немецкэ солдат, офицерхэу—106,600. Плен къащIахэм яхэтхэщ 7-рей немецкэ армейскэ корпусым и командир артиллерием и генерал **Хелль**, 30-рей немецкэ армейскэ корпусым и командир генерал-лейтенант **Постель**, тыл IуэхумкIэ 6-рей армиям и командиру щытам и заместитель **Буркхартд**, 62-рей немецкэ пехотнэ дыфизым и командир генерал-майор **Тронье**, 79-рей немецкэ пехотнэ дывизым и командир генерал-лейтенант **Вайнкнехт**, 282-рей немецкэ пехотнэ дывизым и командир генерал-майор **Френкинг**, 302-рей немецкэ пехотнэ дывизым и командир генерал-майор фон **Боген**, 370-рей немецкэ пехотнэ дывизым и командир генерал-майор **Гюльзен**, **Кишенев** городым и комендант генерал-майор фон **Девитц**, **Яссы** городым и комендант генерал-майор **Штингель**, 376-рей немецкэ пехотнэ дывизым и командир генерал-лейтенант **Шварц**, 106-рей немецкэ пехотнэ дывизым и командир полковник **Рингенберг**, 258-рей немецкэ пехотнэ дывизым и командир полковник **Рильчер Рудольф**, 76-рей немецкэ пехотнэ дывизым и командир полковник фон **Биссинг**, 1-рей немецкэ зенитнэ дывизым и командир полковник **Симон**. Абы нэмыщIу ди дзэхэм плен къащIащ 13-рей немецкэ танковэ дывизым и командир генерал-лейтенант **Трегер**, 153 рей немецкэ пехотнэ дывизым и командир генерал-лейтенант **Байер**, и дзэхэр хыфIидзэу Болгариям щIэпхъуэжар.

2 рей 3-рей **Украинскэ** фронтхэр зэдэIэпыкъукIэрэ ирагъэкIуэкIа наступленцехэу, немецкэ-фашистскэ группировкэхэр ипщэ лъэныкъуэм деж щызэтеукIэныгъэмкIэ кIэ зыгъутам и итогхэр мэхъур, нэхъ техникэщхьэу немецхэм яфIэкIуэдащ: самолетхэу—338, танкхэу икIи езыр-езыру зекIуэ топхэм хуэду—830, сыт хуэдэ калибрэмикI топхэу—3500, автомашинэхэу—33000, яукIащ икIи плен къащIащ немецкэ солдат, офицерхэу—256.600.

АбыкIэрэ, немецкэ армияхэр ЯССРЭ КИШЕНЕВРЭ дежхэм къыщухъуреихьыныгъэмкIэ икIи ахэр зэтеукIэныгъэмкIэ Краснэ Армиям иригъэкIуэкIа зауэхэр икIи Краснэ Армием и Верховнэ Главнокомандованием и планым тету 2-рей, 3-рей Украинскэ фронтхэм я дзэхэм IэкIуэлъакIуу ягъэзэщIам къанэ щымыIэу игъэкIуэдащ зы подразделение закъуикI къуахъурейхьам хэмыкIыу немецкэ дывиз 15.

2 - рей 3 - рей Украинскэ фронтхэм ирагъэкIуэкIа зауэм координация езытар Верховнэ Главнокомандованием и Ставкэм и представитель Советскэ Союзым и Маршал **Тимошенкэщ**.

СОВИНФОРМБЮРО.

Западнэ Европэм щекIуэкI з

ЛОНДОН, сентябрым и 12-м (ТАСС). Союзникхэм я экспедиционнэ къарухэм я верховнэ командованием и штабым нобэ къыдигъэкIа хъыбархэм жаIэр:

Союзникхэм я дзэхэр Германиемрэ Люксембургрэ я зэхуаку границэм щызэпырыкIахэщ икIи а районым и ипщаIуэкIэ ссюзникхэм я дзэхэм яхыхьахэщ Южнэ Францием къикIыу къэкIуэтахэр. Мозель псым и аузым деж бийм зигъэнэныгъэ гуашIэ къещIыр.

А районым и ищхъэраIуэкIэ союзникхэм я къаруушхуэу. ипэкIэ германскэ границэм икIахэу, иджы Трир и ищхъэрэ - къухьэпIаIуэкIэ щыIэхэщ. Дзэхэу, Люксембург хуит къэзыщIыжахэр бийм йозауэхэр, Мерса и ищхъэрэ - къуэкIыпIаIуэкIэ кIуэ союзникхэм я дзэхэр зэтезыгъэувыIэн зигугъэм. Союзникхэм я дзэхэу, Льеж и ипщаIуэкIэ кIуэтахэр зэпырыкIахэщ Гаррерэ Эвельрэ я зэхуакум щыIэ гъуэгухэм. Союзникхэм къащтащ Герв, Льеж милли 10 кIэ и къуэкIыпIэ лъэныкъуэмкIэ щыIэр. Бийм зигъэнэныгъэ хуабжь къищIым емыплъхэу, Генд и къуэкIыпIаIуэкIэ Альберт каналым и район лъэмыжыпэ гъэбыдапIэхэм нэхъ ину зырагъэубгъуахэщ.

ЛОНДОН, сентябрым и 12-м. (ТАСС). Флоренция и ищхъэраIуэкIэ английскэ милитI—милищым нэ хэщ икIи къащтащ С къыздыщIидзэм и IуэкIэ щыIэ лъэг 5-рей, 8-рей армиях куэдхэм деж „готск и гъэбыдапIэхэм бг фронтыбгъу псом Ал кэ секторым деж зауэ хэр щокIуэкIыр.

Восточнэ Франциям рей армиям ковтак армиям хупIэ хъуащ оным и ищхъэрэмкIэ тэныгъэкэр къыз хэр, бийм и дз здыIуишыжыну зд Мыхьэнэшхуэ зиIэ кация центр Дижон кIэрэ, французскэ д тупление псынщIу кIыныгъэм хагъахъу ин дыдэ бийм гъэр зэпащIкIэрэ, къащтащ Сомберн екIуэлIапIэхэм Диж 40-кIэ и ипщэ-къухьэ ныкъуэмкIэ бийм хэм зэрытеуам къ плен къащIахэщ 32

Сентябрым и 11-р хункIэ бомбардировщ нщIэхэмрэ икIу итх уащ шоссейнэ г гъущIгъуэгу лъамы фIэ къыздикI точкэхэ нэ Италиям зауэ щIыпIэхэм.

Союзнэ авиациер виям, Албаниям, Гре теуащ.

Союзникхэм я авиациер Дармшта Берлин теуэныгъэмкIэ

ЛОНДОН, сентябрым и 12. (ТАСС). Нобэ пэждыду хъыбар ирагъэщIащ, сентябрым и 12-м и жэщым „Ланкастер" бомбардировщикхэр Рейнскэ областым и промышлен щIгъуэгу центр—Дар хуабжьу теуащ.

„Москито" самоле лин теуахэщ.

Гавр дэса немецкэ гарнизоным зитащ

АНКАРА, сентябрым и 12 м. (ТАСС). Измир къикI хъыбархэмкIэ, немецхэм ягъэкуэшащ остров Хиос, абы щыгъуэм Iэщэ хьэлъэхэу, военнэ складхэу островым щыIэхэр зэтыракъутэурэ.

Абы хуэдэ къабз хэм хыфIадзэн щIад ровхэу Лесбос, Лемн бар къызэратымкIэ ку мецхэр остров Сало кIуэхэр.

Эгейскэ тенджызым и островхэм немецхэр йок

ЛОНДОН, сентябрым и 12-м. (ТАСС). Рейтер агентствэм и специальнэ корреспондент 1-рей канадскэ армиям деж щыIэм къырегъэхъыр, нобэ сыхьэтыр 11-м 30 м деж Гавр дэса кэ гарнизоным англи хэм зыратахэу.

Ответ. редактор М.

ЧЕРКЕССКЭ

ПЕДАГОГИЧЕСКЭ УЧИЛИЩЭ

1944—1945 еджэгъуэ илъэсхэм еджакIуэ ищтэныгъэм щI

Педучилищэм ищтэхэр:

Курыт еджапIэ ирымыкъуахэм я классибл Училищэм щIыхьэхэм къайупщIынущ мы къэкIу предмет

Урыс отделением хыхьэхэм:

а) урысыбзэкIэ (устнэу икIи письменнэу);
б) арифметикэмкIэ (устнэу икIи письменнэу).

Адыгэ отделением хыхьэхэм:

а) урысыбзэмкIэ (устнэу икIи письменнэу);
б) арифметикэмкIэ (устнэу икIи письменнэу);
в) адыгэбзэмкIэ (устнэу икIи письменнэу).

1943—1944 еджэгъуэ илъэсхэм курыт ирымыкъу е нэ" оценка иIэу къэзухахэр къыймыупщIу ищтэхэ

Педучилищэм и II-рей классым ищтэхэ курыт еджапIэ рей X-рей классхэр къэзухахэр.

КъыкIэрымыхуу еджэ псоми стипендия иратыр.

Педучилищэм иIэщ общежитие, столовэ.

Педучилищэм щIыхьэну псоми директорым заявление ират къэкIуэну документхэр щIыгъуу: автобиография, щIэныгъэ тхылъ, къыщалъхуа гъэм и справкэ, фотокарточкэ

Заявлениехэр сентябрым и 25-м нэсыхункIэ ищтэхэ. Къыйупщ ным сентябрым и 20-м щIадзэнущ.

Педучилищэм и адресыр: г. Черкесск, Горькэ урам, 22

Директор

Комбайнэр жэщ-махуэ имыIэу лэжьэныгъэр къызэрагъэпэщкъым

Кош-Хьэблэ. Фронтым, къэралым гъавэр псынщIу етын хуейщ. ЕхъулIэныгъэ хэлъу кIуатэ Краснэ Армиям и наступленнер дэIыгъын хуейщ. Колхоз пашэхэм Iуэныр зэраухрэ куэд мащIэр. Ауэ Кош-Хьэблэ къуажэм дэт ШтейнгардткIэ зэджэ колхозым и руководительхэр зыкIи гузавэхэкъым пашэныгъэр зыIыгъ колхозхэм хуэду щхьэмыж зыпыт лэжьыгъэхэр псынщIу Iуауэ къэралым етыныгъэмкIэ. Колхозым иджырэ къыздэсым къызэригъэпэщакъым комбайнэр жэщ-махуэ имыIэу Iуэныгъэр. Псом хуэмыдэжу комбайнэр зэпычыгъуэ имыIэу лэжьэныгъэмкIэ зэран хъууэ щытыр комбайнэр зы щIыпIэм щамыгъэту адэкIэмыдэкIэ идзу щытыныгъэращ.

Комбайнэм иIуа лэжьыгъэр и чэзум деж къыIуашкъым. Гъавэр къыIузыщ комсомольцхэу Х. Казаноков, Рашид Канаматов сымэ я IэнатIэхэм зэрыхуэфащэнум хуэду пылъхэкъым, зэлэжь Iуэхум нэмыплъ иратхэр, комсомольцхэм къагъэлъэгъуэн хуей щапхъэфIхэм хуэдэр къагъэлъагъуэхэу лажьэхэкъым.

Комсомольскэ организациер тепсэлъыхьын хуейщ а комсомольцитIым я лэжьэкIэм. ЖырeIэхэ абыхэм ахэр зэрылажьэр, комсомольцыр абхуэду лэжьэн хуейрэ хуэймерэ.

Ф. Кошбиев.

Джэнш къехьэлIэжын щIадзащ

Хьэбэз районым щыщ ШтейнгардткIэ зэджэ колхозым джэнш къехьэлIэжын щIидзащ. Нэхъ щапхъэфIхэр къагъэлъагъуэхэу мэлажьэхэр колхозхэт цIыхубзхэу Т. Канаматова, Ф. Шкезова сымэ. Мыбыхэм нормэм щIыпахъэу, я къарум емыблэжхэу мэлажьэхэр.

ВУ 00253 Редакцием и адресыр: г. Черкесск, Дом Советов, комната № 54

Черкесскэ областым и государственнэ типографи